

Date Printed: 04/20/2009

---

JTS Box Number: IFES\_64  
Tab Number: 102  
Document Title: Enstriksyobn sivik ak moral  
Document Date: 1997  
Document Country: Haiti  
Document Language: Creole  
IFES ID: CE00821



\* C E 7 A 3 6 0 C - 5 F 8 9 - 4 1 F 4 - B 7 7 D - 6 D 5 B 6 5 0 4 0 C A 2 \*

**ENSTRIKSYON SIVIK**

DAMIEN FRANCOIS

**— AK**

**MORAL**

**INSTRUCTION CIVIQUE**

HOODY EDME

**ET**

**MORALE**



**ENSTRIKSYON SIVIK  
AK  
MORAL**

*F Clifton White Resource Center*  
International Foundation for Election Systems

# KONTENI

## Chapit

- 1.- Peyi nou an
- 2.- Divizyon Teritwa A
- 3.- Katdidantite Peyi nou an
- 4.- Drapo Ayisyen an
- 5.- Nasyon - Etat - Gouvènman
- 6.- Divès fòm gouvènman peyi Dayiti pase
- 7.- Konstitisyon - Lwa
- 8.- Diferant kalite Libète
- 9.- Dwa moun
- 10.-Dwa Timoun
- 11.-Dwa Jenerasyon k'ap vini yo
- 12.-Eleksyon
- 13.-Ogàn pouvwa Leta yo
- 14.-Sitiyasyon espesyal (pou lekti)
- 15.-Depans ak Reset Leta
- 16.-Fèt Nasyonal yo
- 17.-Enstitisyon Politik ak Sosyal  
Pati - Sendika - Katèl (Pou lekti)
- 18.-Fòs Lame ak Lapolis
- 19.-Relijyon nan peyi Dayiti
- 20.-Oganizasyon Entènasyonal yo
- 21.-Reprezantan Dayiti Aletranje

# Chapit 1

## PEYI NOU AN


1. *Ki jan peyi nou an rele?*  
Peyi nou an rele AYITI
2. *Depi ki lè li pote non AYITI?*  
Jis nan ane 1492, Endyen yo ki se premye abitan zile sa a te rele li Ayiti.  
An 1804, dat nou te pran endepandans nou, peyi nou an rebran non Ayiti ankò.
3. *Eske peyi nou an te pote lòt non pandan istwa li?*
  - a) Endyen yo te rele li Ayiti, Kiskeya oubyen Boyo
  - b) Soti 1492 rive 1625, Espayòl yo te rele li Ispanyòl oubyen Petitespay (Petite Espagne).
  - c) Soti 1625 rive mwa desanm 1803, Fransè yo te rele li sendomeng.

---

---

### EGZESIS PRATIK


- Kolore kat ki anwo a.
- Ekri non peyi ou sou kat la a lèt majiskil.
- Ekeri sou kat la non vil oubyen non seksyon kominal ou te fèt la.



# Chapit 2

## DIVIZYON TERITWA A

Teritwa peyi Dayiti a divize an 9 departman :  
Nò, Nòdwès, Nòdès, Sant, Latibonit, Lwès, Sid,  
Sidès, Grandans.



Chak departman divize an **Awondisman**  
epi tou chak awondisman divize an  
**komin.**

Chak Komin divize an plizyè pati yo rele  
**Seksyon Kominal.** Anvan konstitisyon 1987 la,  
se seksyon riral yo te konn di.

Divizyon peyi Dayiti	
Depatman	9
Awondisman	41
Komin	132
Seksyon Kominal	565

---

### EGZESIS PRATIK

- Chwazi yon koulè pou kolore chak departman.
- Ekri non chèf lye chak departman



# Chapit 3

## KATDIDANTITE PEYI NOU AN

- Note enfòmasyon ou jwen nan katdidantite papa ou, manman ou, oubyen yon lòt paran ou.
- Katdidantite peyi ou

- 1) Kapital : .....
- 2) Sipèfisi : .....
- 3) Popilasyon : .....
- 4) Lang : .....
- 5) Relijyon : .....
- 6) Lajan : .....
- 7) Pwodiksyon ki enpòtan yo : .....
- 8) Pwodwui nasyonal ki pi en- : .....
- pòtan yo voyevann nan peyi etranje (ekspòtasyon).
- 9) Pwodui ki pi enpòtan Ayiti : .....
- achte nan peyi etranje (enpòtasyon).

Longè kot peyi Dayiti : 1535 km

Sipèfisi : 3/4 mòn, 1/4 plèn.

Ayisyen se nwa ki soti an Afrik.

Nan popilasyon an gen 10% metis, yo rele yo "milat".

- EGZESIS PRATIK :
- 1) Chèche konnen sa mo "metis" vle di.
  - 2) Ki kote milat peyi Dayiti yo soti?

EGZESIS : Kolore

- an ble kot Repiblik Dayiti yo
  - an vè liy "longitud" yo
  - an jòn liy "latitud" yo
  - ki avantaj lanmè genyen pou Ayiti?
  - ki sa yo kapab kiltive nan you wotè ki mezire 1000 m?
- 
-

# Chapit 4

## DRAPO AYISYEN AN

### 1.

Soti mwa fevriye rive nan mwa me 1800 drapo lame revolisyone". Dessalines t'ap dirije a te gen de koulè: **ble ak wouj**; koulè sa yo te poze nan sans vètikal : ble agòch, wouj adwat.

### 2.

Men gen kèk nwa ki t'ap lite kont Fransè yo tou enpi ki pa te suiv lòd Desalin. Men non Nwa sa yo: Cangé, Lamour, Dérance, Petit Noel Prieur, Magloire Ambroise. Yo menm yo te itilize yon drapo nwa ak wouj ki te pote enskripsyon: "libète ou lanmò"

### 3.

Pa gen okenn dokiman ki pale sou kreyasyon drapo nan lakayè 18 me 1803.

Men ni lame liberasyon nasyonal yo, ni endepandantis yo tout te konn itilize drapo ble e wouj ak drapo nwa e wouj yo.

adwat

4.

Soti nan mwa janvyè 1804 rive nan mwa me 1805, drapo a vin tounen ble e wouj men koulè yo vin dispoze nan sans orizontal : ble anwo, wouj anba.

5.

Konstitisyon 20 me 1805 la sou lanprè Desalin te rekòmande drapo nwa e wouj la.

Drapo wayòm Kristòf la ki kòmansé an 1811 epi ki fini an 1820 te nwa e wouj tou.

6.

Soti 1806 rive 1964, koulè drapo a vin ble e wouj ankò. Se konstitisyon 1843 a ki te bay deskripsyon sa a. Koulè yo dispoze nan sans orizontal.

7.

An 1964, François Duvalier retounen ak drapo nwa e wouj la.

8.

Aprè depa Jean Claude Duvalier an Fevriye 1986, sou demand pèp ayisyen, KNC a remete drapo ble e wouj 1804 la an vigè.

---

---

## ECZESIS PRATIK

- Kolore tout drapo yo.

*Im nasyonal Repiblik Dayiti a rele "Desalinyèn".  
Se Justin Lhérisson ki te ekri pawòl yo, Nicolas Geffrard te  
konpoze mizik la.*

## OCHAN PEYI NOU

-1-

Pou Ayiti  
Peyi zansèt yo  
Se pou n' mache  
Men nan lamèn  
Lan mitan n' pa fèt pou gen trèt  
Nou fèt poun sèl mèt tè nou  
An nou mache men nan lamèn  
Pou Ayiti ka viv pi bèl  
An nou, an nou met tèt ansanm  
Pou Ayiti, o non tout zansèt yo.

-2-

Pou Ayiti  
O non zansèt yo  
Se pou n' sekle  
Se pou n' plante  
Se lan tè fòs nou chita  
Se lik ban nou manje  
An n' bite tè, an n' voye wou  
Ak kè kontan fòk tè a bay  
Sekle, wouze, fanm kou gason  
Pou n' rive viv ak sèl fòs ponyèt nou.

-3-

Pou Ayiti  
Ak pou zansèt yo  
Fòk nou kapab  
Vanyan gason  
Moun pa fèt pou trèt avèk moun  
Se sak fè tout manman ak tout papa  
Dwe pou voye timoun lekòl  
Pou yo aprann, pou yo konnen  
SaTousen, Desalin, Kristòf, Petyon  
Te fè pou wete Ayisyen anba kòd blan.

-4-

Pou Ayiti  
O non zansèt yo  
An leve tèt  
Nou gad anlè  
Pou tout moun mande Granmèt la  
Pou l' ban nou pwoteksyon  
Pou move zanj pa detounen n'  
Poun ka mache nan bon chimen  
Pou libète n' ka libète  
Fòk lajistis blayi sou peyi nou.

-5-

Nou gen you drapo  
Tankou tout pèp  
Se pou n' renmen l'  
Mouri pou li  
Se pa kado blan te fè nou

Se san zansèt nou yo ki te koule  
Pou nou kenbe drapo nou wo  
Se pou n'travay, met tèt ansanm  
Pou lòt peyi ka respekte l'  
Drapo sila a se nanm tout Ayisyen

*Ansy Desroses*

- REFLECHI :
1. Eske chak peyi gen Im nasyonal li?
  2. Ki lès ki te konpoze im nasyonal nou an?  
Ki lè li te konpoze li?



# Chapit 5

## NASYON - ETA - GOUVENMAN

### 1. Nasyon

Yon nasyon se yon gwoup moun (endividi) ki dakò viv ansanm. Moun sa yo kapab pale menm lang tou kòm yo ka pa pale menm lang tou.. Eleman fondamantal ki fè yon nasyon egziste se konsantman.

#### Egzèsis pratik:

- 1) Eske ou konnen nasyon kote tout abitan yo pa pale menm lang?

*Egzanp:* Kanada, Lasuis

Kanada gen 2 lang: Anglè ak Fransè

Lasuis gen 4 lang nasyonal : Alman, Fransè,

Italyen ak Womanch.

- 2) Eske tout abitan yon nasyon viv sou yon menm tèritwa?

### 2. Leta

- a) Leta ayisyen pran nesans 1e janvye 1804.

Nan yon sans yo ka defini leta selon twa eleman twa eleman sa yo se :

- tèritwa
- moun (popilasyon)
- fòs piblik

- b) Nan yon lòt sans leta vle di otorite k'ap dirije nasyon an ak fòm gouvènman yo adopte a.

*Egzanp:* leta demokratik - leta fachis - leta kominis.

### 3. Gouvènman

Yon gouvènman se tout moun k'ap gouvène yon peyi. Se sans laj mo gouvènman an.

Nan yon sans ki mwen laj gouvènman se tout otorite ki gen pouvwa egzekitif la nan men yo tankou Prezidan, premye Minis ak Minis yo.

Gen plizyè fòm gouvènman:

- 1) **MONARCHI** : se yon gouvènman ki gen nan tèt li yon monak tankou : Wa, Rèn, Anprè, Enperatris.
- 2) **ARISTOKRASI** : se yon gouvènman kote pouvwa a chita nan men yon ti gwoup moun.
- 3) **DEMOKRASI** : se gouvènman kote pèp la bay dizon li, sitou avèk bilten vòt li, nan tout desizyon gouvènman an ap pran.  
(Metòd : konsansis ak konviksyon).
- 4) **DIKTATI** oubyen **TIRANI** : se gouvènman kote se yon individi k'ap dirije nan mepri konstitisyon ak lwa ki egziste yo. Endividi sa a kapap dirije pou kont li oubyen avèk yon ekip kote sèl metòd yo itilize se laperèz, lakrent ak represyon..

---

Enpòtan : gen kèk monachi tankou Bèljik, Dànmak, Wayòm Ini, Lasyèd, Nòvèj, Espay, Liksanbou se eta demokratik yo ye.

---

### EGZESIS PRATIK

1. Ki kondisyon ki dwe reyalize pou bon jan demokrasi tabli?

Rep: 1) Fòk tout libète garanti

2) Fòk pèp la lib pou li mete sou pouvwa, nan eleksyon, moun li vle pou gouvènè li avèk yon manda fiks.

# Chapit 6

## DIVES FOM GOUVENMAN PEYI DAYITI PASE

Peyi nou an fè eksperyans plizyè fòm gouvènman:

1. Gouvènè Jeneral Avi: 1e. janvyè 1804, Jeneral Desalin yo te ba li tit sa a.
2. Anperè : Desalin te bay tèt li tit sa a soti 22 septanm 1804 rive 17 oktòb 1806.  
  
Soulouk te pran tit sa a tou soti 20 septanm 1849 rive 15 janvyé 1859.
3. Wayote : Kristòf te wa peyi Dayiti soti 26 mas 1811 rive 8 oktòb 1820.
4. Prezidans Avi : Petyon : 1816-1818  
Bwaye : 1818-1843  
Riche : Mas 1846 - Febriye 1847  
Jefra : 15 janvyè 1859 - 13 Mas 1867  
Salnav : 16 novanm 1869  
Divalye : (Papa Dòk) 1964-1971  
Divalye : (Bebi Dòk) 1971-1986
5. Anpil gouvènman pwovizwa
6. Kèk gouvènman sou fòm Kolejyal:
  - Gouvènman Kolejyal 6 avril - 25 me 1957

KNG 7 fevriye 1986 - 6 fevriye 1988

7. Prezidan ki gen manda fiks :

- Ipolit ki te eli pou 7 an  
9 oktob 1889 - 29 mas 1896

Aristid ki te eli pou 5 an  
16 desanm 1990

### EGZESIS PRATIK

- 1) Ki sa KNG a ye? Ki manm ki te fòme li?
- 2) Ki lè yo te mete li sou pye?
- 3) Kilès ki te Prezidan KNG a an 1986?
- 4) Ki dat te genyen premyè eleksyon lib nan peyi Dayiti?

# Chapit 7

## KONSTITISYON - LWA

1. Chak peyi genyen yon konstitisyon.  
Dènnye konstitisyon Ayiti a te fèt 29 mas 1987.
2. Konstitisyon an se yon tèks ki fèt avek atik.  
Li gen 298 atik, epi an ba li genyen plizyè siyati.  
Moun ki siyen anba konstitisyon an yo rele yo konstitiyan, yo fè pati Asanble Nasyonal konstitiyant la, sa vle di asanble ki te gen responsabilite ekri konstitisyon an.  
Konstitisyon an gen anpil chapit:  
  
Men kèk nan yo :
  - Sou Repiblik Dayiti
  - Sou nasyonalite ayisyèn
  - Sou dwa fondamantal
  - Sou devwa sitwayen yo
  - Sou “kolektivite teritoryal”
  - Pouvwwa lejislatif
  - Pouvwwa Egzekitif
  - “Lakou Siperyè Dèkont ak kontansye Administratif”
  - Fòs Ame ...
3. Konstitisyon an se manman lwa leta  
Se li ki defini dwa ak devwa sitwayen yo ak pa leta.
4. Lalwa se yon kantite règ pouvwwa lejislatif tabli, lè yon moun pa respekte yo, li kapab sibi sanksyon. Pa egzanp, li gen yon

yon lwa sou sikilasyon (woutyè) ki entèdii nan yonn nan atik li yo, pou yon vwati travèse limyè wouj. Konsa si yon chofè pase anba limyè wouj li kapab resevwa yon kontravansyon epi li kapab peye yon amand.

5. Tout lwa ki pa mache kole ak konstitisyon an pa gen okenn valè.

# DWA AK LIBETE

1. Konstitisyon an garanti sitwayen yo kèk dwa ak kèk libète.

- a- Dwa pou moun viv : yo aboli pèn lanmò
- b- Dwa pou moun gen lasante
- c- Dwa moun genyen pou yo respekte li
- e- Dwa pou yon moun jwenn ledikasyon
- f; Dwa pou moun jwenn manje
- g- Dwa pou moun jwenn sekirite sòsyal.

A) Egzèsis : **Dwa pou moun viv:**

Leta dwe pran tout dispozisyon pou pwoteje vi sitwayen li yo kont tout domaj kèlkeswa kote l' soti a; bò kote otorite militè oubyen lapolis, bò kote lòt endividi menm si se domaj natirèl. Pa egzanp, leta dwe veve pou kay yo kapab bati kote ki pa gen danje tankou kote ki gen bimay oubyen deboulay tè, kote rivyè konn pase, arebò lanmè.

B) **Dwa pou moun jwenn respè**

- Respè dabò nan kò moun, yo pa dwe bat moun sou pretèks se chatiman y'ap bali, yo pa dwe tòtire moun, ni retire yon ògan (pati) nan kò li san konsantman li.
- Militè (Fòsdelòd) pa dwe fè vyolans sou moun li mete nan prizon sou okenn pretèks, konstitisyon an entèdi yo bat moun.



- Pa atake pèsonalite moun ak vye prejije sou kèlkeswa fòm nan.
  - a) Prejije sou koulè po tankou refize yon moun travay poutèt koulè li.
  - b) Prejije sou sèks (gason, fanm) pa egzantp refize yon moun travay poutèt sèks li oubyen ba yon fi yon salè ki pi fèb pase yon gason k'ap fè menm travay la
  - c) Prejije sou relijyon : Ou dwe aksepte opinyon lòt moun. Li gen dwa gen opinyon ki diferan ak pa ou yo. Yon moun dwe toleran, sa vle di li dwe aksepte yon lòt gen opinyon ki pa menm avèk pa li. Yon sosyete ki pa aksepte tolerans se yon lanfè.

### C) Dwa pou moun gen sekirite sosyal

Ki sa sekirite sosyal vle di?

- Pa egzantp, si papa pa nan travay donk li nan chomaj. Konsa pa gen lajan ki antre nan kay la. Poutan gen depans ki oblije fèt pou: bwè, manje, peye taksi, peye lekòl.

Leta ta dwe ede Papa.

- Papa kapab viktim yon aksidan ki ka fè l' pa janm travay jiskaske li mouri, lè sa a li vin enfim (egzantp: de bra koupe, de janm koupe, de je pete, elatriye.). Leta dwe ede moun enfim.
- Lè Papa ak manman rive nan yon laj yo pa ka travay ankò, fòk leta ba yo koudmen.

Tout Leta ki respekte tèt li dwe chèche bon jan sekirite sosyal pou tout sitwayen li yo.

# Chapit 8

## DIFERANT KALITE LIBETE

- 1) Libète se pouvwa tout moun genyen pou yo fè tout sa ki pa deranje lòt moun.

“Pa fè lòt moun sa ou pa ta renmen yo fè ou”  
Konstitisyon lan I, 24jen 1793, atik 6 (Lafrans)

Eske libète mwen ba mwen dwa pou m' fè tout bagay?  
Eske m' gen dwa frape vwazen m' nan san rezon?

Eske m' kapab tiye vwazen mwen an paske li pa panse menm jan avèk mwen?

Eske m' kapab fè bri nan klas la jan m' vle?

Si m' aji konsa, sa k'ap rive ?

- Si m' aji konsa, m' ap jennen lòt kamarad mwen yo m' ap anpeche yo travay.

Libète mwen pa dwe twouble ni vwazen ki bò kote m' nan,  
ni enterè kominote a.

Libète m' fini kote pa lòt la komanse.

- 2) **Libète fondamantal yo**

A) Libète fizik : sekirite pèsone  
nan Kay  
nan korespondans  
sikilasyon (alevini)

- B) Libète pou panse: sou relijyon  
opinyon  
laprès  
ansèyman
- C) Libète Politik : dwa pou vote epi dwa pou pase nan eleksyon
- D) Libète pou Gwoupman : manifestasyon, reyinyon, asosyasyon.
- E) Libète ekonomik : dwa pou posede byen, dwa pou travay, dwa pou fè grèv, libète pou fè sendika.
- F) Libète sosyal : dwa pou gen lasante ak pwoteksyon sosyal.



- 1) Kí sa desen sa a reprezante?
- 2) Kí wòl yon prizon dwe ranpli nan yon sosyete?
- 3) Kí rezon ki kapab fè yon moun al nan prizon?
- 5) Fè yon nechèl pou klase pèn yo konn itilize nan peyi Dayiti.

# Chapit 9

## DWA MOUN

- 1) Yonn nan premye tèks sou dwa moun se “Deklarasyon Endepandans Lèzetazini” ki te fèt 4 jiyè 1776 . “Verite nou pral di yo, nou kwè yo tèlman klè, yo pa menm bezwen moun eksplike yo : Bondye kreye tout moun egal , li ba yo yon kantite dwa ki pa negosyab (lòt moun pa dwe vyole); pami dwa sa yo nou jwenn : lavi, libète ak rechèchbonè, (dwa pou yo chèche viv alèz). Lèzòm mete gouvènman kanpe pou garanti dwa sa yo, pouvwa lejitim gouvènman sa yo genyen chita sou konsantman moun ki mete yo a. Chak fwa yon fòm gouvènman foule anba pye misyon sa a pèp la te ba li a, li gen dwa chanje fòm gouvènman sa a, siprime li enpi mete yon lòt gouvènman ....
- 2) Dezyèm tèks sou dwa moun se “Deklarasyon Lafrans sou dwa moun ak sitwayen “ ki soti 26 out 1789 . Dwa sa yo se dwa natirèl, ki pa negosyab, epi ki sakre ...

Men dwa yo :  
- Libète  
- Pwopriyete  
- Sekirite  
- Rezistans kont kraze zo

---

Atik 35 sou Deklarasyon dwa moun ane 1793 (Peyi Lafrans)  
“Lè yon gouvènman vyole dwa pèp la, dwa ki pi sakre, devwa ki pi enpòtan pou pèp la, se manifestasyon, leve kanpe ak zam”.

- 3) Yon twazyèm tèks sou dwa moun se “Oganizasyon Nasyon Zini ki te vote li 10 desanm 1948 : “Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun”

Deklarasyon 1948 la pran an konsiderasyon dwa ki te egziste deja yo epi li eseye rann yo ofisyèl nan lemond antye.

se :

1. Dwa pou moun viv
2. Dwa pou moun gen nasyonalitye
3. Dwa pou jwenn azil (pwoteksyon, refij nan men leta)
4. Dwa pou mande jijman kont abi, enjistis
5. Dwa pou sikile lib, pou viv lakay ou san kè sote
6. Dwa pou travay, pou gen lasante, pou al lekòl, pou divètisman, pou gen sekirite sosyal, elatriye.

#### TRAVO PRATIK :

An Ayiti, yo di : “Tout moun se moun”

Ki sa ou panse sou fraz sa a.

Eseye eksplike li.

Dwa ak devwa pèp la

- A) Kominote entènasyonal la rekonèt dwa tout pèp pou yo chwazi viv endepandan ou non, dwa pou yo chwazi fòm gouvènman ak dirijan yo vle.
- B) Pèp yo gen devwa tou

- 1.- Devwa anvè pwòp tèt yo tankou pou yo pwoteje eritaj yo :  
resous natirèl yo, anviwonman yo, moniman istorik yo  
elatriye, epi devwa pou yo defann entegrite teritwa ak  
souverènte yo.
- 2.- Devwa solidarite ak koperasyon ak lòt peyi pou konstri yon  
monn lapè.





# Chapit 10

## DWA TIMOUN

1. Nan dat 20 novanm 1989 yo te siyen akò sou dwa timoun nan Nasyon Zini. Li kòmanse aplike le 2 Septanm 1990.

Pou ki sa yo te fè tèks sa a?

Yo wè nan lemond antye gen anpil timoun ki viktim abi toutan tankou vyolans, neglijan, mechanste oubyen eksplwatasyon, diskriminasyon sosyal (prejije nan sosyete kote y'ap viv la), agresyon, yo oblije yo kite kay yo, separe ak fanmi yo.

Chak jou gen plizyè milyon timoun k'ap souffri mizè, grangou, ki pa gen kay pou yo rete, ki souffri epidemi, ki pa al lekòl, k'ap viv nan yon anviwònman ki pa ofri okenn sekirite sante.

### 2. Kèk dwa timoun


Ki ès yo ka konsidere kòm timoun?

Se tout moun ki gen pi piti pase 18 an.

1. Yo dwe pwoteje timoun yo kont tout fòm prejije.  
Egz: yo pa dwe anpeche yon timoun frekante yon lekòl pou tèt koulè li, sèks li oubyen relijyon li.
2. Timoun nan gen dwa pou l' viv
3. Timoun nan gen dwa pou l' gen yon non ak yon nasyonalite
4. Timoun nan gen dwa pou l' gen yon fanmi

5. Timoun nan gen dwa pou l' pale lib san baboukèt
6. Timoun nan gen dwa panse jan l' vle, li gen dwa pou l' gen konsyans ak yon relijyon.
7. Timoun nan gen dwa fè reyinyon pasifik ak asosyasyon
8. Timoun nan gen dwa pou li resevwa edikasyon
9. Timoun ki p'ap viv ak fanmi li dwe jwenn pwoteksyon
10. Timoun nan gen dwa jwenn swen doktè
11. Timoun nan gen dwa jwenn sekirite sosyal.

## Timoun gen dwa al lekòl



---

---

## TRAVAY PRATIK :

1. Reli paragraf 9 la epi reponn kesyon sa a :

Eske gen yon kategori timoun ki merite yon pwoteksyon espesyal nan men leta?

(Wi, timoun andikape yo).

2. Ki sa sekirite sosyal la ye?

Se yon enstitisyon leta ki la pou ede moun ki avanse nan laj, moun ki nan chomaj, oubyen ki pa ka travay (andikape, enfim, elatriye).

3. Ki sa yo rele nasyonalite?

# Chapit 11

## DWA JENERASYON K'AP VINI YO

Se an 1991 Fondasyon Kousto (Fondasyon Cousteau) te pibliye dwa sa yo. Men yo :

1. Dwa jenerasyon demen yo pou gen yon tè ki pa sibi domaj epi ki pa kontamine. Kòm konsekans chak moun dwe pwoteje nati a, pye bwa ak zannimo, lè ak dlo ki ladan'l
2. Chak moun gen responsabilite pou veye konsekans pwogrè teknik ki kapab nwi lavi sou latè, ekilib natirèl ak evolisyon limanite .

Kesyon :

1. Daprè nou, èske dwa jenerasyon demen yo menase?  
Si se vre, bay kèk eksplikasyon.

2. Eske peyi nou an gen mwayen pou li ta reziste kont katastwòf natirèl?

3. Ki sa nou ka fè pou pwoteje anviwònman nou?

M' pa ka pwogrese si m' pa gen sans konpwomi,  
sa vle di si m' pa eseye antann mwen ak moun  
ki pa gen menm lide oubyen menm opinyon avèk  
mwen.

# Chapit 12

## ELEKSYON

An jeneral, vote yon kandida nan eleksyon egal chwazi kandida sa a.

- A. Nan domè politik lè ou vote se chwazi ou chwazi moun ki pou dirije ou sètadi Prezidan, Senatè, Depite, Majistra, elatriye. An Ayiti, se yon ògan endepandan yo rele Konsèy Elektoral ki responsab fè eleksyon.

Travay Konsèy Elektoral la se :

- a) redije lwa elektoral
  - b) resevwa kandidati yo
  - c) Wè si kandidati yo an règ ak konstitisyon an ak lwa elektoral la.
  - d) fikse dat eleksyon yo
  - e) siveye eleksyon yo
  - f) depouye bilten vòt yo
  - g) pibliye rezilta eleksyon yo.
- B. Elektè, se sitwayen ki gen laj pou vote yo. Jou eleksyon an, y'al nan biwo vòt yo epi avèk yon ti bout papye yo rele bilten yo fè devwa elektè yo sètadi yo vote.
- C. In nan se bwat kote elektè yo depoze bilten an.

- D. Dapre konstitisyon an se lè  
yon moun gen 18 an li gen  
dwa vote.
- 

### TRAVO PRATIK

1. Vote nan eleksyon se yon dwa politik
2. Jwen yon egzanp dwa sivil.  
R.: (Yon kontra maryaj, yon kontra vant)
3. Eseye fè tankou te gen yon operasyon vòt nan klas la.



# Chapit 13

## OGAN POUVWA LETA YO

### A. Pouvwa Egzekitif

Gouvènman peyi a gen twa pouvwa: Pouvwa Egzekitif, Pouvwa Lejislatif, Pouvwa Jidisyè.

Men mam ki fòme Pouvwa Egzekitif la:

- Yon Prezidan ki gen yon manda 5 an li jwenn nan eleksyon
- Yon premye Minis Prezidan an chwazi nan pati ki gen majorite nan chanm nan answit genyen Minis yo, se premye Minis la ki chwazi yo.

---

EGZEKTTIF = PREZIDAN + PREMYE MINIS AK MINIS YO

---

**Atik 137** - Konstitisyon an prevwa si pa gen pati majoritè nan chanm nan, se Prezidan Repiblik la ki chwazi premye Minis li nan konsiltasyon ak Prezidan Sena a ak Prezidan Depite yo.

Konsiltasyon vle di: prezidan repiblik la mande Prezidan chanm yo dizon yo men li pa oblije swiv yo.

Men kondisyon pou yon moun kapab Prezidan:

1. Fòk li Ayisyen natif natal epi fòk li pa te janm kite nasyonalite li
2. Nan dat eleksyon an fòk li gen tan gen 35 an
3. Fòk li jwi dwa sivil ak politik li epi fòk li pa te janm kondane pou krim dwa komen
4. Fòk omwen li gen yon imèb epi li gen yon kote fiks li rete
5. Fòk li t'ap viv nan peyi a pandan 5 an yonn deyè lòt avan elksyon yo
6. Fòk li te resevwa dechaj sou jesyon li si li te responsab lajan leta.

### **Ranplasman Prezidan an.-**

#### **ka maladi**

Si Prezidan an malad epi sa fè li pa ka egzèse fonksyon li pou yon ti bout tan, se konsèy Minis la ki gen nan tèt li Premye Minis la ki dwe egzèse fonksyon Prezidan an pandan li gen anpechman an.

#### **Ka vakans Prezidansyèl**


Si Prezidan an mouri oubyen li pa kapab egzèse fonksyon li ditou, se prezidan oubyen Vis Prezidan kou Kasasyon an oubyen Jij ki pi ansyen an ki pou ranplase li. Nan ka sa a yo dwe fè eleksyon pou mete yon lòt Prezidan nan 45 jou pou pi piti oubyen nan 90 jou omaksimòm apre yo fin deklare vakans prezidansyèl la.

## TRAVAY PRATIK :

---

1. Ki sa imèb vle di ?
2. Ki diferans ou fè ant fonksyon Prezidan ak fonksyon Premye Minis?
3. Ki sa yo rele Pati majoritè?

DESEN



DESEN

PRESIDENT 1e. MINISTRE

LES MINISTRES

# MINIS YO AK FONKSYON YO


A- Se Minis ak Sekretè Deta yo ki ede Prezidan Repiblik la ak Premye minis la nan travay yo. Men divès kalite Ministè ki genyen:

- 1) *Ministè Enteryè ak Defans Nasyonal*  
Se moun ki nan tèt ministè sa a ki regle pwoblèm : sekirite, defans fwontyè ak defans an jeneral
- 2) *Ministè Lajitis*  
Se Minis Jistis la ki responsab pwoblèm lajistis an jeneral ak pwoblèm tribinal ; lapolis, lòd piblik.
- 3) *Ministè Relasyon Eksteryè*  
Minis Relasyon Eksteryè oubyen Afè Etranjè regle kesyon relasyon ak peyi etranje epi relasyon ak Oganizasyon Entènasyonal yo. Se li ki nonmen reprezantan peyi Dayiti nan peyi etranje tankou Anbasadè ak Konsil.
- 4) *Ministè Agrikilti, Resous Natirèl ak Devlopman rural*
- 5) *Ministè Ekonomik ak Finans*
- 6) *Ministè Komès ak Endistri*
- 7) *Ministè Sante Piblik*
- 8) *Ministè Afè Sosyal*
- 9) *Ministè Planifikasyon, Fonksyon Piblik ak Koperasyon Ekstèn*
- 10) *Ministè San Pòtfey*
- 11) *Ministè Enfòmasyon*


---

## TRAVAY PRATIK

1. Ki sa yon Minis san Pòtfey ye?
2. Ki ministè ki okipe zafè touris?
3. Ki ministè ki anchaje zafè lapòs?



1. Eske ou konpran n desen sa a?
2. Ki ministè ki okipe sèvis desen an montre a?



1. Site diferan Seksyon (sèvis) ki genyen nan yon lopital.  
Rep. : Men kèk nan sèvis yos yo:

- Chiriji (seksyon operasyon)
- Matènite (seksyon akouchman)
- Oftalmoloji (maladi zye)
- Pedyatri (maladi timoun)
- Odontoloji (pwoblèm dan)

*Mesye, ki sa disiplin itil?*



Ki kalite mwayen transpò ou konnen?

- 1) Transpò sou do moun
- 2) Transpò sou do zannimo
- 3) Transpò nan kamyon
- 4) Transpò nan chemendfè (transpò sou ray)
- 5) Transpò sou lanmè
- 6) Transpò anlè (avyon, elikoptè)



## B.- POUVWA LEJISLATIF

### Misyon Pouvwa Lejislatif la

Se pouvwa Lejislatif la ki responsab ekri lwa. Dapre konstitisyon 1987 la, genyen de (2) Chanm:

- a) Chanm Depite ki gen 83 Depite
- b) Chanm Senatè ki gen 27 Senatè

An jeneral, yo prevwa pou genyen yon depite nan chak komin oubyen nan chak sikonskripsyon ak twa senatè nan departman.

Plizyè komin kapab reyini pou fòme yon sikonskripsyon.

### Manda Pouvwa Lejislatif

- Depite yo eli pou 4 an. Lè manda yo fini, yo kapab repoze kandidati yo toutotan yo deside.
- Senatè yo eli pou 6 an, yo kapab repoze kandidati yo toutotan yo deside l' depi manda yo fini.

Chak dezan yo renouvle 1/3 sena a.

Senatè ki fè plis vwa nan eleksyon yo se li menm ki premye senatè a. Li gen yon manda pou **6 an**. Dezyèm senatè a gen yon manda pou 4 an. Twazyèm senatè a gen pou l' tounen nan eleksyon apre dezan. Si li pa vle, li kapab pa tounen nan eleksyon.

#### 4. Kondisyon pou yon moun vin Depite:

Pou yon moun vin Depite:

1. Fòk li se Ayisyen natifnatal epi fòk li pa te janm kite nasyonalite li.
  2. Fòk li gen 25 an deja.
  3. Fòk li jwi dwa sivil ak politik li, epi tou fòk li pa te janm kondane pou krim dwa komen.
  4. Fòk li te viv nan sikonskripsyon li vle reprezante nan eleksyon an pandan de zan yonn deyè lòt.
  5. Fòk omwen li pwopriyetè yon imèb nan sikonskripsyon an oubyen fòk li egzèse yon pwofesyon nan sikonskripsyon an oubyen ankò fòk li t'ap mennen yon biznis nan zòn nan.
  6. Fòk li te jwenn dechaj sou jesyon li si li te responsab lajan leta .
5. Kondisyon pou yon moun ka vin Senatè

Pou yon moun vin Senatè:

1. Fòk li Ayisyen natifnatal epi fòk li pa te janm chanje nasyonalite li.
2. Fòk li gen 30 an deja
3. Fòk li jwi tout dwa sivil ak politik li epi fòk li pa te janm kondane pou krim dwa komen.
4. Fòk li t'ap viv nan depatman li vle reprezante a omwen 4 an yonn deyè lòt anvan dat eleksyon yo.
5. Fòk omwen li pwopriyetè yon imèb nan depatman an oubyen ankò fòk l'ap egzèse yon pwofesyon la oubyen ankò fòk l'ap mennen yon biznis la.
6. Fòk li jwenn dechaj sou jesyon li si li te reponsab lajan leta.

An rezime yo pale de Asanble Nasyonal se lè toulède chanm yo reyini, sètadi chanm Depite yo ak chanm Senatè yo fè yon sèl.

### C.- POUVWA JIDISYE

1. Pouvwa Jidisyè a la pou rann lajistis. Men enstans ki fè pati Pouvwa Jidisyè a :
  - a) Lakou Kasasyon
  - b) Koudapèl
  - c) Tribinal Premyè enstans yo
  - d) Tribinal depè yo
  - e) Tribinal esopesyal yo
    - Tribinal tèryen
    - Tribinal komès
    - Lawotkoude jistis
  
2. Wòl Lawotkoude jistis  
Konstitisyon 1987 la prevwa Sena a kapab jwe wòl Lawotkoude jistis pou li jije:
  - a) Prezidan Repiblik la pou krim wot trayizon oubyen tout lòt krim li fè pandan l'ap egzèsè fonksyon li.
  
  - b) Premye Minis la, Minis yo ak Sekretè Deta yo pou krim wot trayizon ak malvèsasyon oubyen abi pouvwa oubyen ankò tout lòt krim yo fè pandan y'ap egzèsè fonksyon yo.
  
  - c) Manm konsèy Elektoral Pèmanan an ak Lakousiperyèdèkont ak kontansye Administratif pou fot grav nan egzèsis fonksyon yo.

- d) Jij ak Ofisye Ministè Piblik Lakou Kasasyon pou krim yo fè nan egzèsis fonksyon yo.
- e) Pwotektè sitwayen yo.

Mwen pa ka pwogrese si mwen pa respekte pwòp règ m' te fin  
dakò pou m' te respekte.

## Nòt pou complete chapit 13 la

### Domèn Piblik ak domèn Prive

- 1.- Domèn Leta se tout byen mèb ak imèb ki pou Leta. Li jere yo tankou yon pwopriyete òdinè.
- 2.- Domèn Leta se tout byen ki la pou fè sèvis piblik : batiman piblik, chemen, wout, plas, pon, forè ets... Yo pa dwe ni vann ni anfèmen byen sa yo.
- 3.- Domèn Prive se tout byen imèb (byen ki paka deplase) tankou tèren leta kapab anfème oubyen van n.

# Chapit 14

## SITIYASYON ESPESYAL (pou lekti)

### 1. *Pou ki sa yo mete kouvrefe ?*

Yo mete kouvrefe pou pèmèt Lapolis ak Lane kontwole yon sitiyasyon epi mete lòd lè gen gwo pwoblèm. Se entèdiksyon pou moun pa sikile nan yon lespas tan yo fikse davans.

### 2. *Etadijans*

Lè gen twoub yo ka ranfòse pouvwa responsab administrasyon leta yo. Lè gen etadijans, leta gen dwa entèvni nan domèn ekonomik pou 'l ka ba li direksyon, li ka menm fikse pri pwodui premyè nesosite yo pou pèmèt tout popilasyon an achte yo san difikilte.

**Egz :** Lè siklòn ravaje rekòt yo, vin manke manje, epi pri machandiz premyè nesosite yo vin monte tou. Lè sa leta kapab deklare etadijans epi entèvni nan kesyon ekonomi pou anpeche pri machandiz yo monte twòp.

### 3. *Etadsyèj*

Se yon sitiyasyon espesyal ki bay otorite militè yo dwa itilize kèk nan pouvwa otorite sivil yo genyen. Pa egzanp, yo ka voye sivil jije nan tribinal militè.

Lè gen etadsyèj, yo ka sispann kèk libète legal konstitisyon an garanti tankou libète reyinyon, libète lapawòl, libète sikilasyon.

#### 4. *Lwa Masyal*

Se lè gen gwo dezòd yo mete lwa masyal anvigè.

Sou rejim lwa masyal :

- 1) Lame travay ansanm ak lapolis
- 2) Yo siprime kèk dwa ak kèk.

Egz : Yo ka arete yon moun san manda;  
Yo ka fè fouy san manda.

#### 5) *Pouvwa san limit*

Yo kapab bay Prezidan Repiblik la pouvwa san limit, sa vle di pandan yon ti bout tan li kapab pran dwa konstitisyon an pa ba li.

a) Kí lè li kapab egzèse dwa sa yo?

Se konstitisyon 1983 a nan atik 116 ki te anvizaje pouvwa san limit sa yo.

Pou li aplike yo, fòk enstitisyon peyi a ak fonksyònman pouvwa piblik yo jwenn menas grav.

b) Pou ki sa li kapab egzèse pouvwa sa yo?

Pou : - Pa kite peyi a kraze  
- Asire sekirite Leta



- Garanti epi mentni lapè piblik
- Pwoteje vi ak byen moun.

c) Kontitasyon 1987 la pa te retni pouvwa san limit yo;

Konstitasyon 1987 yo te vle mete baryè pou te anpeche yon lòt diktati pran pye.

d) Lwa sou plen pouvwa : Se lwa Palman an mete sou pye pou Gouvènman an kapab aji nan yon delè fiks, dapre règleman ki tabli, nan domèn ki gen rapò ak lwa tankou dekrè lwa.

---

## TRAVAY PRATIK

- Eske gen moun ki otorize sikile lè gen kouvrefe?

# Chapit 15

## DEPANS AK RESET LETA

### I- DEPANS

Leta gen anpil **depans** pou'l fè. Nou ka eseye site kèk nan yo

- 1) Leta dwe konstwi lekòl epi mete ekipman nan yo
- 2) Leta dwe peye anplwaye lekòl yo (site kèk foaksyon pesonèl yon lekòl genyen)
- 3) Leta dwe konstwi lopital, dispansè epi peye pèsònèl yo
- 4) Leta dwe konstwi wout epi mete kanpe yon pèsònèl ki pou asire antretyen wout yo an pèmanans
- 5) Leta dwe asire defans peyi li kont etranje
- 6) Leta dwe chèche asire lòd piblik ak sekirite vi ak byen ets...
- 7) Leta dwe pran swen pèsònèl misyon diplomatik ak Konsilè yo ki nan peyi etranje

### TRAVAY PRATIK

Eseye konplete lis depans Leta yo.

### II- RESET

Pou Leta rive fè depans sa yo fòk li jwenn lajan. Lajan sa a kapab soti plizyè kote.

- 1) Enpo tout sitwayen k'ap mennen aktivite ki rapòte gwo lajan.
- 2) Taks nou peye lè leta rann nou sèten sèvis tankou batistè, katdidantite, lisans pou kondui machin, sètifika maryaj, yon sètifika bòn viyemès, frè pou transfè tit pwopriyete.
- 3) Enpo fonsye, enpo yo peye sou imèb (kay, vila, teren)
- 4) Taks mache, taks sou tabak, alkòl, alimèt.
- 5) Dwa yo peye sou enpòtasyon ak ekspòtasyon nan ladwàn.

Leta kapab envante lòt sous resèt pou li ka rezoud pwoblèm li k'ap gwosi chak jou pi plis.

### **Ki kalite èd Leta dwe bay peyizan yo?**

Leta dwe bay peyizan èd nan domèn sa yo:

- 1) Kreyasyon bank zouti ak semans
- 2) Sistèm kredi pou peyizan yo (prete yo lajan)
- 3) Ankadreman teknisyen nan zafè agrikilti
- 4) Edikasyon (simaye lekòl toupatou andeyò)
- 5) Wout (konstwi bon jan wout pou fasilite transpò soti andeyò pou al lavil)
- 6) Lasante (konstwi sant sante pou peyizan yo)

# Chapit 16

## FET NASYONAL YO

Atik 275-1 Konstitisyon 1987 la.

### Men fèt nasyonal yo :

- 1) 1e Janvyè : Fèt Endepandans
- 2) 2 Janvyè : Jou Zansèt nou yo
- 3) 1e Me : Fèt Agrikilti ak Travay
- 4) 18 Me : Fèt Drapo ak Inivèsite
- 5) 18 Novanm : Fèt Batay Vètyè ak Jou Fòs Ame.

# Chapit 17

## ENSTITISYON POLITIK AK SOSYAL PATI - SENDIKA - KATEL (Pou Lekti )

1. Eske ou konnen kèk pati politik ki genyen an Ayiti?

PDCH : Parti Démocrate Chrétien Haïtien  
Pati demokrat kretyen Ayisyen.

MIDH : Mouvement pour l'Instauration de la  
Démocratie en Haïti de Marc Bazin.  
Mouvman pou mete demokrasi an Ayiti ki  
gen alatèt li Marc Bazin.

PANPRA : Parti Nationaliste Progressiste Révolution-  
naire Haïtien.  
Pati Nasyonal Pwogresis Revolisyonè  
Ayisyen.

PUCH : Parti Unifié des Communistes Haïtiens  
Pati Inifié Komunis Ayisyen

2. Ki sa pati sa yo ap fè?

Y'ap lite pou yo pran pouvwa a.

Donk yon Pati Politik se yon gwoup moun òganize ki gen  
anbisyon pran pouvwa a.

3. Yon Fwon FNCD : Fwon Nasyonal pou Chanjman ak Demokrasi Yon fwon se rasanbleman yon bann pati ki ini fòs yo pou rive nan tèt pouvwa a: “Men anpil chay pa lou”
4. Yon sendika se yon gwoup moun òganize k’ap chèche defann enterè travayè ki nan sendika a. Egzanp :

CTH	:	Confédération des Travailleurs Haïtiens Konfederasyon Travayè Ayisyen
CNEH	:	Confédération Nationale des Enseignants Haïtiens Konfederasyon Nasyonal Anseyan Ayisyen
AEP	:	Association des Enseignants de Port -au-Prince Asosyasyon Anseyan Pòtoprens
CATH	:	Central Autonome des Travailleurs Haïtiens Santral Otonòm Travayè Ayisyen
FOS	:	Federasyon Ouvriye Sendike.

#### 4.1 Enterè Travayè

- a) Pi bon salè
- b) Konje peye
- c) Asirans - Aksidan/Asirans vyeyès
- d) Lokal pwòp, pwoteksyon kont nwizans tankou pousyè oubyen bri.
- e) Kantite tan travay, elatriye

## Klèb - Gwoupman (pou lekti)

- 1) Yon klèb (klib) se reyinyon zanmi oubyen moun ki antann yo pou yo ka rive atenn divès kalite objektif.

egz : yon klèb (klib) literè  
yon klèb (klib) atis,  
yon klèb (klib) espò

- 2) Yon gwoupman se yon asosyasyon moun jeneralman ki gen menm estati sosyal ak pwofesyonèl oubyen ki gen menm kondisyon sosyal epi ki antann yo pou reflechi ansanm sou pwoblèm yo pandan y'ap chèche solisyon pou yo.

egz : yon gwoupman peyizan

- 3) Yon katèl se antant ant plizyè gwoup politik. Se kapab tou antant ant plizyè gwoup ekonomik pou fikse pri machandiz sou mache a.

egz : yon katèl pwodiksyon diri.

### Nòt pou konplete chapit 17 la

#### A. La fanmi

Yon fanmi fòme ak papa, manman, ak pitit yo. Se fanmi nan sans ki pi senp lan, la fanmi kapab ale jis nan granparan, tonton, tant, bòfrè, bèlmè ets. Sa, se fanmi nan sans laj la.

A.1 Yon fanmi (papa, manman) dwe ofri ti moun yo tout afeksyon yo bezwen pou yo devlope

A.2 Yon fanmi se premyè sant edikasyon pou timoun yo

A.3 Yon fanmi kapab lejitim, natirèl, adoptiv.

- A.3-1 Yon fanmi lejitim, se lè li fòme nan mariaj, sètadi nan konsantman lib elibè yon gason ak yon fi deklare devan yon otorite sivil ou relijyèz. Ti moun ki fèt nan maryaj sa a se timoun lejitim.
- A.3-2 An Ayiti ak nan kèk lòt peyi yo aksepte linyon lib gason ak fi. Moun sa yo pa marye. Yo plase. Y'ap viv nan plasaj. Timoun ki fèt nan tip inyon sa a, yo rele yo timoun natirèl.
- A.3-3 Yon fanmi kapab adopte timoun ki pa gen Paran.
- A.3-4 Fanmi monoparantal : se fanmi ki fòme ak yon sèl paran e timoun yo.
- B.- Lekol se pi bon kote pou kontinye edikasyon ki te kòmanse anedan yon fanmi. Li dwe pèmèt timoun yo pran konesans yo bezwen pou yo ka vin yon sitwayen ki kapab itil tèt li ak sosyete ya.
- C.- Legliz se kote moun ki gen menm kwayans rasanble. Se li ki asirefòmasyon espirityèl, ak moral fidèl yo.
- D.- Laprès se enstitisyon ki plase pou gaye enfòmasyon. Mesaj laprès kapab difize nan :
- Journal (mesaj ekri)
  - Radyo (mesaj pale)
  - Televizyon (mesaj televize, tandè ak wè)



Men ak tout mwayen komunikasyon sa yo, laprès kapab fòme epi distrè moun, li kapab montre yo tou ki jan pou yo viv nan yon sosyete.

## TRAVO PRATIK

Montre ki jan jounal, radyo ak televizyon kapab sèvi kòm mwayen pou fòme epi distrè moun.

# Chapit 18

## FOS LAME AK LAPOLIS

### A) FOS AME

Ministè responsab: Ministè Enteryè ak Defans Nasyonal.

1. Wòl prensipal fòs Ame nan peyi.

a) Defann peyi a lè gen lagè

b) Defann epi pwoteje fwontyè li: atè, nan lanmè, anlè.  
egz Peyi vwazen an ka vle pran yon pòsyon nan teritwa nou.

Yon peyi ka vle vin jete fatra pwazon nan lanmè peyi nou.

2. Diferant branch fòs Ame

- Gen Ame ki goumen atè : Enfantri

- Gen Ame ki goumen anlè: Avyasyon militè

- Lamarin k'ap siveye lamè (Gadkòt)

- Sèvi espesyal : Espyonaj

3. Wòl Lame

Wòl lame se pa maspinen sitwayen men se pou pwoteje tèritwa peyi a.

Nan yon peyi tankou Ayiti ki gen kalite pwoblèm, apa pwoteksyon ak defans peyi a, lame ta ka entèvni nan lòt domèn tankou :

- 1) Konstriksyon wout
- 2) Rebwazman ak pwoteksyon tè
- 3) Alfabetizasyon
- 4) Entèvansyon lè gen dezaz : siklòn ak tranbleman tè
- 5) Lit kont krim ak dwòg.

## B) LAPOLIS

1. Daprè Konstitisyon 1987 la, Lapolis anba bānyè Ministè Lajistis.

### Wòl Lapolis.-

- a) Garanti lòd piblik (nan lari, lye piblik)
- b) Sèvi èd pou lajistis nan kontravansyon, rechèch ak ankèt lè gen krim
- c) Pwoteje vi ak byen sitwayen yo

### 2. Diferant seksyon lapolis genyen

- a) Ponpye ki la pou pote sekou nan ka ensandi (dife)
- b) Administrasyon "Penitansyè" ki la pou regle kesyon prizon
- c) Sèvis sikilasyon veyikil (machin)
- d) Brigad woutyè
- e) Rechèch krim
- f) Sèvis dwòg ak kontrebann

---

### TRAVAY PRATIK :

Eske Lapolis la pou li bat sitwayen yo, arete yo nan nenpòt kondisyon, maspinen yo?

Chèche nan konstitisyon an atik ki entèdi lizaj fòs nan arestasyon yo.

# Chapit 19

## RELIJYON NAN PEYI DAYITI

1. An Ayiti, gen yon gwoup kretyen ki divize an de pati:
  - 1) Katolik Women
  - 2) Refòme

Nan gwoup refòme yo, nou jwenn batis, advantis, pannkotis ak yon bann lòt relijyon.

2. Nou jwenn tou yon gwoup vodou. Se esklav yo, lè yo te sot an Afrik, ki te vin ak vodou an ayiti. Gen twa gran sant vodou nan peyi a.
  - 1) Souvnans nan Gonayiv
  - 2) Nan Kanpèch nan Nò peyi a.
  - 3) Vilokan tou prè Pòdepè (abitasyon Ladousè)
3. Diferans ant Krisyanis ak Vodou  
Krisyanis la rekonèt gen yon sèl Bondye.  
Nan Vodou, yo rekonèt gen plizyè Bondye
4. Relijyon vle di : Adorasyon yonn ou plizyè dye e fòk gen prèt ak fidèl.

### TRAVAY PRATIK

Chèche non kèk dye vodou, di sa yo reprezante.  
Chèche avek kamarad ou yo non kèk gwoup relijye ki tabli an Ayiti.

## RELIJYON AN AYITI

### 5. Oganizasyon Legliz Katolik an Ayiti

Oganizasyon nan Legliz Katolik fèt pa eskalye. An Ayiti, gen 2 Acheveche : Pòtoprens ak Okap (Kapayisyen), 7 Eveche :

- Grandans (Pa bliye : Nan Pòtoprens gen 2 Evèk Oksilyè)
- Okay
- Jakmèl
- Ench
- Fòlibète
- Gonayiv

Achevèk yo (2) ak Evèk yo (9) plase sou tèt Pè yo ki se responsab pawas yo.

Pi gwo chèf katolik lemond antye se SenPè Lèpap ki rete nan vil Wòm an Itali.

---

### 6. Vodou a li menm se yon relijyon fanmi. Prèt la (pè a) rele **oungan**, pretrès la rele **manbo**, lotèl la rele **ounfò**.

Seremoni yo fèt anndan yon ti kay an fòm sèk ki gen nan mitan li yon potò chèn. Tanp la rele **peristil**.

---

### 7. Relijyon "Refòm" yo

Refòm nan se yon kriz relijyon ki te boulvèse mond kretyen an nan 16e syèk. Se konsa relijyon yo rele relijyon **refòm** yo pran nesans tankou :

Relijyon Literyèn : ki pran non Maten Litè (1483-1546)

Relijyon Kalvinis : ki pran non Jan Kalven (1509-1564)

Relijyon Anglikàn : avèk Anri VIII an Angletè (1509-1547)

**N.B :** Mo relijyon an soti nan yon mo laten ki vle di : ini, tabli lyen.

Objektif yon relijyon se tabli relasyon (lyen) ant lòm ak yon èt diven.

Ki sa desen sa reprezentante ?





## TRAVAY PRATIK

- 1) Bay non Evèk nèf depatman yo.
- 2) Ki jan yo rele kire pawas ou a?
- 3) Ki tit yo bay reprezantan Pap la nan yon peyi?

*Mwen pa ka pwogrese si m' pa toleran sa vle di si m' pa  
aksepte viv ak moun ki bò kote m' nan epi ki pa gen  
menm opinyon avè m.*

# Chapit 20

## OGANIZASYON ENTENASYONAL YO

### Definisyon

Se òganizasyon ki reyini ansanm divès Eta pou yo rive atenn sèten objektif.

### A.. ONU (ONI)

Se òganizasyon Nasyon Zini ki kreye nan vil San Fransisko an 1945. Objektif prensipal li se anpeche lagè epi pran tout mezi pou sa. Se yon òganizasyon mondyal ki gen objektif politik.

LONI gen lyezon ak anpil òganizasyon ou enstitisyon espesyalize ki responsab yon domèn espesyal nan vi entènasyonal la; bòn mach vi entènasyonal la se yonn nan kondisyon pou lapè tabli nan lemonn.

Egz :

- 1) Oganizasyon Entènasyonal Travay ki gen biwo li Jenèv responsab dosye ki gen rapò ak travay: kantite tan travay, salè, pwoteksyon travayè, travay timoun, travay fanm ansent, pwoblèm travayè ki kite peyi yo vin tabli nan yon lòt peyi elatriye....
- 2) Oganizasyon Mondyal la Sante (OMS) gen biwo li Jenèv, se pwoblèm sante nan lemonn ki enterese'l (epidemi, maladi kontajye, elatriye).

Eske nou konnen lòt enstitisyon espesyalize?

- 3) FAO : Oganizasyon Mondyal pou Alimantasyon ak Agrikilti
- 4) INESKO : Oganizasyon Entènasyonal pou Edikasyon, Lasyans ak Lakilti
- 5) FMI : Fon Monetè Entènasyonal
- 6) GATT : Akò Jeneral sou Tarif Ladwàn ak komès
- 7) UPI (IPI) : Inyon Postal Inivèsèl ki gen syèj li Bèn
- 8) OMM : Oganizasyon Metewolojik Mondyal
